

Konte Lee, Florid

GID POU TOUT KALITE DANJE



Preparasyon: Se responsablite tout moun

Byenveni nan Gid pou Tout Kalite Danje

Gid pou tout kalite danje Konte Lee a ede rezidan ak vizitè yo prepare yo pou move tan ak lòt ijans. Sèvi ak zouti nou yo pou rete enfòme sou preparasyon, tanpèt, evakyasyon ak abri.


Konte Lee fè fas ak yon seri danje anplis de siklòn. Sistèm idantifikasyon danje ak evalyasyon risk nou an montre tounad, epidemi maladi enfektye, inondasyon, move tan ak tanpèt twopikal se bagay sa yo ki gen plis chans pou potansyèlman gen gwo enpak nan zòn nou an. Epi nou konn sibi lòt danje natirèl tankou dife forè, ewozyon kotyè, sechrès, chalè ekstrèm, gwo fredri glasyal ak epidemi maladi agrikòl oswa animal, ansanm ak kèk menas moun lakoz. Gid pou Tout Kalite Danje Konte Lee a fèt pou ede w konprann risk sa yo epi pou pran kèk etap ki senp pou prepare, reponn epi retabli san danje — kèlkanswa kalite ijans ki rive.

Kòmanse bonè:

- Prepare yon Plan Ijans pou Fanmi an nan www.LeeEOC.com
- Kreye Twous Pwovizyon pou Katastwòf
- Planifye pou rete ak fanmi oswa zanmi si ou bezwen kite kay la; ale nan abri piblik yo se yon dènye rekou.

Preparasyon se yon responsablite pataje. Kreye yon "Kilti Preparasyon" lakay ou epi pataje gid sa a ak lòt moun. Plis nou prepare endividyèlman, se plis nou vin pi fò antanke yon kominote.

Yon ti istwa kout sou katastwòf nan Konte Lee



KONTNI

Kèk nimewo telefòn ak sit entènèt ki enpòtan	3
Aplikasyon ak zouti medya sosyal	4
Alèt sou radyo ak videyo sou entènèt	5
Planifye — Prepare — Pase l bay lòt moun	6
Twous pwovizyon pou katastwòf	7
Preparasyon pou bèt lakay ou yo	8
Jeneratè	9
Sekirite kay pre-fabrike ak kay mobil	10
Siklòn	11
Evakyasyon	12
Ki moun ki dwe rete lakay yo?	13
Abri — Fason yo fonksyone	14
Pwogram pou bezwen medikal espesyal	15
Bèt kay ak bèt sèvis	16
Prepare machin ou pou yon siklòn	17
Prepare bato w pou yon siklòn	18
Kat jeyografik pou zòn evakyasyon ak abri	19-20
Preparasyon pou inondasyon	21-22
Preparasyon pou asirans kay	23-24
Aprè tanpèt la	25
Aprè inondasyon an	26
Sistèm drenaj	27
Konstwi defason responsab	28
Netwayaj debri tanpèt la	29
Konsèy pou sante aprè tanpèt la	30
Tounad	31
Dife forè	32
Loraj ak zèklè	33
Sistèm pou siveye tan	33
Depatman Lapolis ak Distri Ponpye	34
Twous pwovizyon pou katastwòf	35

Nimewo telefòn ak sit entènèt ki enpòtan

Nimewo telefòn	Lè biznis nòminal	Ijans
Lakwawouj Ameriken (Seksyon lokal)	(239) 278-3401	
Liy asistans alèt pou ensandi kriminèl	(877) 662-7766	
Sant pou donè san — Oneblood	(888)-9-DONATE	
Jesyon Kadijans Cape Coral	(239) 574-0501	
Depatman Lapolis Cape Coral	(239) 574-3223	911
Ajans Federal pou Jesyon Kadijans (FEMA)	(800) 621-3362	
Divizyon Jesyon Kadijans Florid	(850) 815-4000	
Depatman Sante Florid - Konte Lee	(239) 332-9501	(239) 332-9501
Jesyon Kadijans Fort Myers	(239) 321-7311	
Depatman Lapolis Fort Myers	(239) 321-7700	911
Sèvis bèt domestik Konte Lee (LCDAS)	(239) 533-7387	
Liy asistans pou Enfòmasyon nan Kadijans pou Konte Lee	(239) 433-2000	211
Sekirite Piblik Konte Lee (EMS ak Jesyon Kadijans)	(239) 533-3911	911
Gouvènman Konte Lee	(239) 533-2111	
Biwo Cherif Konte Lee	(239) 477-1000	911
Sant San Lee Health	(239) 343-2333	
Depatman Motè Veyikil Florid	(850) 617-3000	
Sèvis Meteyowolojik Nasyonal /Tampa Bay	(813) 645-2323	
Enfòmasyon sou kontwòl pwazon	(800) 222-1222	
Salvation Army	(239) 789-1169	
Depatman Lapolis Sanibel	(239) 472-3111	911
Liy asistans pou konsomatè asirans Florid	(877) 693-5236	(800) 22-STORM
Kondisyon trafik nan Florid (aktyèl)	511	
United Way nan Konte Lee, Hendry ak Glades	(239) 433-2000	211

Sit Entènèt

Jesyon Kadijans Cape Coral	www.capecoral.gov/departments/emergency_management_resilience/index.php
Ekip Repons Ijan Kominotè (CERT)	www.ready.gov/cert
Jesyon Kadijans Fort Myers	www.fortmyers.gov/2353/Emergency-Management
Biwo kay mobil ak konstriksyon rekreyasyonèl	www.flhsmv.gov/mobilehome
Sèvis (Asirans)	www.myfloridacfo.com
StormReady	www.weather.gov/stormready
Depatman Sekirite Nasyonal Etazini	www.dhs.gov

Aplikasyon ak zouti medya sosyal



Jesyon Ijans Konte Lee a bay enfòmasyon enpòtan atravè medya sosyal, sit entènèt konte a ak sou aplikasyon yo. Ou ka jwenn seri videyo preparasyon pou siklòn gratis nou an sou kanal YouTube Konte Lee a oubyen sou www.LeeGov.com/Hurricane.



www.LeeEOC.com

- Plan preparasyon familyal
- Aplikasyon pou pwogram bezwen espesyal
- Notifikasyon ak resous
- Koteabri yo ye



Konnen zòn evakyasyon w lan
www.LeeEOC.com

- Navige sitwèb la
- Mete adrès lakay ou
- Chèche zòn evakyasyon w lan

Li disponib tou sou LeePrepares



www.RideLeeTran.com

- Tyeke pou suiv otobis la an tan reyèl
- Jwenn arè ki pi pre w la
- Planifye wout ou - Revize orè otobis la
- Telechaje aplikasyon tranzit la



Aplikasyon LeePrepares

Anrejistre pou notifikasyon pou evakyasyon



- Jwenn zòn evakyasyon w lan
- Jwenn koteabri yo ye
- Enfòmasyon sou preparasyon

Meteyo lokal gratis nan atravè boutik Apple oswa Android



www.AlertLee.com

Sèvis alèt gratis
Resevwa enfòmasyon pa mwayen apèl, imèl oswa tèks sou gwo kadijans ak aksyon ki nesèsè pou pwoteje tèt ou ak fason pou sove lavi ak pwopriyete



Facebook.com/LeePublicSafety

oswa

Facebook.com/LeeCo



[@Leepublicsafety](https://www.instagram.com/Leepublicsafety)

oswa

[@Leecountyflbocc](https://www.instagram.com/Leecountyflbocc)



Youtube.com/@LeeCountyPublicSafety

Alèt radyo ak videyo sou entènèt

NOAA Weather Radio All Hazards (NWR) se yon rezo estasyon radyo nan tout peyi a k ap difize enfòmasyon meteyowolojik kontinyèlman ki sot dirèkteman nan biwo Sèvis Meteyowolojik Nasyonal ki pi pre a.. Estasyon radyo sa yo bay avètisman ofisyèl, alèt, previzyon ak lòt enfòmasyon sou danje pou Sèvis Meteyowolojik la 24 sou 24, sèt sou sèt. Pou resevwa enfòmasyon menm pandan gen blakawout, ou ta dwe genyen yon radyo meteyo pou kadijans ki mache ak pil oswa yon manivèl. Yo fonksyone menm pandan tanpèt ki koze pi plis dega yo.

Kòd idantifikasyon pou Konte Lee ak konte ki avwazinan yo:

Fort Myers Kanal 4 (162.475 MHz)

Lee - 012071

Collier - 012021


DeSoto - 012027

Charlotte - 012015

Hendry - 012051



WGCU-90.1 FM se Rezo Afilye pou Kadijans Radyo Piblik Florid la nan Sidwès Florid la. Li pral rete nan lè a pandan blakawout epi l ap kontinye difize enfòmasyon ou bezwen pou rete an sekirite. An kolaborasyon avèk Divizyon Jesyon Kadijans Florid ak Jesyon Kadijans Konte Lee a, WGCU pral bay tou mizajou souvan aprè yon gwo evènman meteyowolojik.



Videyo sou entènèt nou yo pral ede gide w atravè sezon siklòn nan avèk enstriksyon ki senp, klè sou preparasyon, evakyasyon ak abri, ansanm ak kèk estrateji sekirite pou pran desizyon aprè tanpèt la fin pase. Konte Lee te pwodui videyo sa yo pandan pandemi COVID-19 la lè li pa t posib pou òganize regilyèman seminè yo an pèsòn, epi yo te vin tounen yon resous ki itil anpil epi ki disponib nenpòt lè epi yo te mete yo ajou! Yo kout, fasil pou suiv epi yo vini ak kèk ti kesyon amizan alafen pou asire w ou "Pare pou Siklòn".

Gade yo sou www.leegov.com/hurricane.



Moman pou devlope yon plan ijans se anvan yon katastwòf. Lè w prepare, sa ap ede oumenm ak fanmi w rete an sekirite epi etabli yon rezo sipò ki fyab pandan yon kriz.

Planifye



Konnen risk ou yo:

- Nan ki zòn ond tanpèt/evakyasyon w ye?
- Èske w nan yon zòn inondasyon?
- Èske w ap viv nan yon kay mobil oswa kay prefabrike?
- Nan ki ane yo te bati kay ou a?
- Èske kay ou a genyen kontrevan pou bare fenèt yo?



Prepare



- Prepare opsyon pou evakye oswa pou rete lakay ou.
- Prepare yon twous pwovizyon pou kadijans nan kòmansman sezon siklòn nan.
- Plan kadijans fanmi an se yon bonjan zouti pou ede w kreye yon plan ki espesifik a bezwen fanmi w. W ap jwenn li sou sitwèb nou an nan **www.LeeEOC.com**.
- Sekirize atik ki anndan oswa ozanviwon lakay ou anvan van tanpèt twopikal yo rive.
- Fè pratik ak otan eleman nan plan w lan jan sa posib.



Pase l bay lòt moun



- Asire w tout manm fanmi w konnen kiyès pou yo rele oswa ki kote pou n rankontre ankake nou ta vin separe.
- Fè fanmi ak zanmi ki nan lòt kote konnen plan evakyasyonw yo.



Kèk konsèy sou preparasyon



- Prepare yon plan pou abri.
- Konnen wout evakyasyon w.
- Konfigire telefòn ou pou l ka resevwa alèt ak avètisman nan kadijans.
- Prepare yon plan kominikasyon famiyal.

Twous pwovizyon pou katastwòf



Sa w bezwen pou lakay ou



Dlo nan boutèy (1 galon pou chak moun pa jou)



Manje ki pa gate fasil (pou omwen 5 jou)



Glasyè ak glas (pou manje ak medikaman)



Alimèt oswa briké



Recho kan oswa griy ak bonm ak chodyè



Asyèt plastik ak istansil pou manje



Pwodui pou tibebe epi/oswa pou moun aje



Bòl ak manje pou bèt, lès, jwèt ak dosye vaksasyon



Pwodui pou netwaye



Dezenfektan pou men

Manje ak sanitasyon
Pwodui sa yo ede w rete an sekirite lè magazen yo fèmen epi dlo a pa bon pou.



Savon, Chanpou ak lòt atik pou ijyèn pèsònèl



Bwòsadan ak pat dantifris



Sèvyèt



Rad pou chak manm fanmi



Padsi, bòt ak pantalon pou lapli



Kouvèti ak dra siplimantè



Twous premye swen



Pwovizyon medikaman pou 2 semèn



Linèt solèy, pwoteksyon kont solèy ak ensektifij



Lenjèt ijyenik

Sante ak sekirite
Pwodui sa yo ede w rete pwòp, ansante epi an sekirite pandan yon kadifans.



Flach



Pil pou radyo, flach, aparèy oditif ak lòt aparèy



Radyo meteyowolojik NOAA



Kaye ak kreyon oswa plim



Lajan kach, chèk oswa kat kredi



Aparèy mobil ak chajè



Ekstra kle



Siflè



Kat idantifikasyon, kontra asirans, dosye ki enpòtan



Liv, kat ak jwèt

Kominikasyon
Bagay sa yo ede w jwenn danyè nouvel, rele pou jwenn ed epi pataje enfòmasyon lè pa gen kouran oswa telefòn yo pa mache

Preparasyon pou bèt domestik ou yo



Planifikasyon se meye fason pou pwoteje bèt domestik ou yo pandan yon evènman ki nesite evakyasyon. Sonje si w pa an sekirite, bèt domestik ou a pa an sekirite nonplis. Planifye epi prepare yon twous ijans pou bèt domestik ou yo.

Sa enpòtan si w rete lakay ou, ou evakye oswa ou ale nan yonabri.

Kèk bagay ki ka nan twous pou bèt domestik



Bòl pou dlo ak manje




Manje ak tigoute (pou omwen 1 semèn)



Ouvrebwat manyèl ak kiyè



Dlo (1 galon pa jou, pou chak bèt, pou omwen 1 semèn)



Jwèt, tigoute ak kabann



Jounal, sèvyèt papyè, sache plastik pou fatra ak klowòks



Lityè ak bwa lityè pou chat; sachè fatra pou chen



Kolye ak lès ki gen idantifikasyon ak etikèt raj pou chat ak chen



Kaj oswa transpòtè ki gwo ase pou pou bèt ou a kanpe, vire epi kouche



Foto w ansanm ak bèt domestik ou a pou montre se bèt ou si nou ta vin separe




Dosye sante ak medikaman



Twous premye swen, woulo bandaj koton, tep, sizo, antibiyotik, pomad pwodui pou prevni pis/tik, gan alkòl izopropilik

Jeneratè



Lè pa gen kouran, anpil rezidan sèvi ak jeneratè ijans pou fè konjelatè, refrijeratè, limyè, vantilatè ak lòt aparèy elektwomènaje mache. **Si w itilize yon jeneratè, li enpòtan pou pran anpil prekosyon.**

Malgre yo itil epi yo pratik, jeneratè yo ka kreye danje pou pwopriyetè kay yo ak travayè sèvis elektrik yo. Toujou li epi suiv enstriksyon sou sekirite ak fason pou fonksyone l dapre fabrikasyon an.



Ti konsèy sou sekirite



Opere jeneratè w la deyò nan yon zòn ki gen anpil vantilasyon. Pinga w janm opere yon jeneratè anndan yon kay oswa anndan yon garaj. Sonje jeneratè yo pwodui gaz monoksik kabòn ki ka touye moun.



Limen jeneratè a anvan w branche aparèy elektwomènaje sou li. Aprè jeneratè a kòmanse fonksyone, limen aparèy yo ak limyè yo youn aprè lòt pou evite pou pa twò chaje inite a. Yo rekòmande pou itilize jeneratè yo pou izaj tanporè; bay bezwen w yo priyorite.



Pinga w konekte yon jeneratè nan yon priz elektrik kay la oswa nan yon panèl disjonktè pou evite retwo-alimantasyon. Sèvi ak kòd ekstansyon ki solid pou konekte aparèy elektwomènaje yo nan priz jeneratè a.



Asire w ou etenn jeneratè a epi li frèt anvan w mete gaz ladan l. Pa sere gazolin anndan kay la. Yo ta dwe byen make likid enflamab yo nan resipyan sekirize ki pa fèt an vè.



Kenbe timoun ak bèt yo lwen jeneratè pòtab yo. Anpil pati nan jeneratè a cho ase pou boule w pandan l ap fonksyone.



Asire w men w sèk anvan w touche jeneratè a.




Jeneratè yo prezante risk pou sekirite elektrik, sitou lè y ap fonksyone nan kondisyon ki imid. Itilize jeneratè w la sèlman si sa nesèsè lè gen kondisyon imid. Pwoteje jeneratè a lè w opere l anba yon estrikti ki ouvri oswa sou yon sifas ki sèk kote dlo paka fòme flak oswa koule anba l.

Ekspozisyon ak monoksid kabòn

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz toksik ki san koulè, san odè epi san gou. Se yon konpozan nan echapman ki soti nan motè jeneratè a. Sentòm ekspozisyon yo pa evidan men yo ka touye moun. **Pinga w sèvi ak jeneratè yo, gri chabon oswa gri gaz anndan kay la.**

Detektè CO ki pa chè, menm jan ak alàm lafimen, fasil pou jwenn epi yo rekòmande pou genyen yo kòm prekosyon sekirite siplemantè.

Rele 911 oswa Sant Enfòmasyon sou Pwazon nan (800) 222-1222 si w panse ou te anpwazonnen. Plis enfòmasyon disponib sou entènèt nan floridapoisoncontrol.org.



Sekirite kay prefabrike oswa kay mobil



Egzijans ak sekirite

Si w ap viv nan yon kay prefabrike oswa yon kay mobil li enpòtan anpil pou rete ajou ak egzijans sou zafè sekirite. Lalwa Florid fè konnen ou bezwen lank oswa bann ki solid ase pou sekirize kay ou a atè a. Rezon an se pou evite mouvman pandan gwo van.

Revize Kòd Administratif Florid la 15C-1 pou kantite ak espas ki nesèsè. Omwen yon fwa pa ane, verifye pou wè si kòd yo byen mare.

Abri ki dèyè kay la, abri pou estoke zouti ak lòt bagay, abri machin ak lòt estrikti ki vilnerab bezwen sekirize tou.

Konprann zafè asirans kay

Asirans enpòtan. Pou jwenn bon kontra asirans sa pral depan de kalite kay ou genyen, ki moun ki abite ladan l ak nivo kouvèti ki disponib.

*Ou ka jwenn enfòmasyon nan
www.myfloridacfo.com.*

PA PRAN CHANS!

Kèlkeswa jan atach ou yo byen fikse, evakyasyon se meyè plan pou sove lavi w.

Ti konsèy sou preparasyon

- Tyeke pou bann ki lach.
- Asire w bann yo byen aliyen epi yo pa nan yon ang.
- Asire ou gen bon kantite atach epi yo enstale fason ki kòrèk la.
- Asire w lank ki atè yo ak plak estabilizatè yo enstale kòm sadwa.
- Asire w poto sipò yo an kontak ak ankadreman an.
- Ranplase bann oswa lank ki montre siy domaj oswa kowozyon.
- Konsidere yon sistèm atachman lonjitidinal pou devan ak dèyè, ak lòt atach ankadreman dyagonal pou bò kay ou a.



Sezon siklòn Atlantik la: Soti 1ye jen rive 30 novanm

(Sezon an rive nan pwen maksimal li ant mwad out ak oktòb)

Siklòn yo se pa sèlman pwoblèm kotyè. Nenpòt kote ki gen dlo, soti nan rivyè ak kouran dlo rive nan lak Okeechobee, genyen yon risk pou rezidan yo akòz siklòn. Siklòn yo pa sèlman pote van ak gwo lapli, yo ka deklannche tou tounad ak ond tanpèt. Pi gwo danje pou lavi se ond tanpèt ak inondasyon akòz lapli.



Echèl siklòn Saffir-Simpson

Sa ede w konprann enpak potansyèl yon tanpèt genyen, sa ki rann li pi fasil pou w deside ki meyè fason pou pwoteje fanmi w.



Van:
75 a 95 mph
Domaj:
Mínim. Pano, branch pyebwa ak liy elektrik yo tonbe



Van:
96 a 110 mph
Domaj:
Modere. Van pote ale pi gwo pano ak branch pyebwa



Van:
111 a 130 mph
Domaj:
Gwo. Domaj minè nan bilding, van blayi pyebwa atè



Van:
131 a 155 mph
Domaj:
Ekstrèm. Destriksyon prèske total pòt ak fenèt yo



Van:
Plis pase 155 mph
Domaj:
Katastwofik. Bilding, twati ak estrikti detwi

Ond tanpèt

Ond tanpèt se yon ogmantasyon dlo ki anòmal ki rive akòz yon tanpèt twopikal oswa yon siklòn. Lè tanpèt sa yo ateri, yo pwodui yon ogmantasyon nan nivo dlo ansanm ak gwo van ki pouse dlo a sou rivaj la. Previzyon pou ond tanpèt pa pran an konsiderasyon kokennchenn vag dlo oswa debri ki nan dlo a. Akòz elevasyon ki ba ak pwoksimate ak plaj yo ak lòt dlo mare, ond tanpèt ka vwayaje byen lwen nan enteryè Konte Lee.

Inondasyon

Gwo lapli oswa lapli ki pwolonje ka lakoz inondasyon. Lapli ki pwolonje satire tè a kidonk tè a ka absòbe mwens dlo. Gwo lapli ka gen mwens chans pou tè a absòbe dlo a.

"Kouran laminè" se yon kouran natirèl dlo nan sid atravè penensil Florid la epi ki ka lakoz inondasyon nan rivyè yo, ravin ak kanal yo.

Sa w bezwen konnen



- Fondasyon kay yo ak sistèm septik yo ka gen pwoblèm.
- Dlo inondasyon yo ka gen debri, pwodui chimik ak dlo egou ki pa trete.
- Ou ka pèdi kouran pou yon bon bout tan epi yo ka paka restore kouran si kay ou antoure ak dlo.
- Dlo tiyo ak dlo ki sot nan pi ka pa bon pou bwè, pou benyen oswa pou kuit manje.
- Wout yo ak pon yo ka domaje oswa dlo ak debri ka bloke yo.
- Timoun ak bèt ka nwaye, blese oswa vin malad grav si y al jwe nan dlo inondasyon yo.

Evakyasyon

Konnen risk ou ak bezwen pèsònèl ou

Kit katastwòf la se yon inondasyon, chalè ekstrèm, siklòn twopikal, devèsman materyèl danjre oswa pandemi, *premye etap la se pou konnen risk ou ak bezwen pèsònèl ou.*

Lè n ap fè fas ak evènman meteyowolojik, reflechi ak kèk faktè ki ka lakoz yo bay lòd pou evakye. Lè w evalue risk ou genyen sa pral ede w decide sa pou fè ak ki kote pou refijye w.

- Ki zòn evakyasyon w?
- Èske vwazinaj ou a inonde lè gen gwo lapli?
- Èske w bezwen elekrisite pou rezon medikal?



Evakye oswa rete lakay ou?

Desizyon si pou evakye oswa pou rete lakay ou depann de ensidan an oswa evènman an. Lè w gen yon plan sa pèmèt ou prepare w alavans konsa w ap santi w gen plis konfyans ak sekirite. Chwa pou evakye a se yon desizyon pèsònèl epi sa ka pa fasil pou pran desizyon sa a. Se sa k fè li enpòtan pou gen yon plan.

Byenke rezidan yo ka evakye al byen lwen, souvan sa pa nesesè. Lè w vwayaje plizyè santèn kilomèt sa ka lakoz konjesyon sou wout yo, ratman gaz ak plis strès. Nan pifò ka lè w evakye senpleman kèk dizèn kilomèt alenteryè nan yon zòn ki pi ansekirite, tankou kay yon zanmi oswa fanmi, se yon opsyon ki pi konfòtab olye pou ale nan yonabri piblik.

Si Jesyon Ijans lan bay yon Lòd pou Evakye pou zòn ou an, ou bezwen kite zòn ou an pou sekirite w. Bienke nou ouvriabri pou kadijans yo, lè w rete lakay fanmi, zanmi oswa nan yon otèl, sa pi konfòtab.


Pou devèsman materyèl ki danjre oswa lafimen ki epè akoz yon dife forè, lè w rete lakay ou se kapab opsyon ki apwopriye a. Konekte sou kanal ofisyèl pou nouvell oswa medya sosyal gouvènman Konte Lee a pou resevwa enstriksyon ofisyèl.

Konnen Zòn Evakyasyon w lan

Èske w konnen Zòn Evakyasyon w lan?

Vizite sitwèb nou an www.LeeEOC.com pou w ka chèche konnen nan ki zòn ou ye.

1. Klike sou "Konnen Zòn Evakyasyon m nan (Know My Evacuation Zone)" ki nan ba navigasyon an.
2. Klike sou lyen Jwenn Zòn Evakyasyon m nan (*Find My Evacuation Zone*).
3. Mete adrès ou nan ba pou fè rechèch la.
4. Oswa vizite www.leegov.com/rit



Ki moun ki ta dwe pran refij lakay yo?

Si w pap viv nan yon zòn ki mande pou evakye, se yon bon chwa si w rete lakay ou epi w pran prekosyon. Lè w fè bonjan preparasyon epi w ofri zanmi oswa fanmi ki oblije kite yon zòn ki pi danjre yo sa pral ede tout kominote a fè fas ak tanpèt la ansanm

Sonje byen, ou pa oblije evakye dè santèn kilomèt, - sèlman kèk dizèn. Lè w deplase pou al nan yon kote ki pi an sekirite ki pi alanterye, lwen zòn ond tanpèt yo ak zòn ki konn inonde, souvan sa konn sifi. Lè w chècheabri lokalman sa ka redui trafik, limite strès epi pèmèt ou retounen pi vit lakay ou aprè tanpèt la fin pase.



Si w abite nan yon kay mobil oswa yon kay prefabrike oswa yon machin rekreyasyon, ou ta dwe evakye yon fason ki an sekirite.



Gen plis moun ki mouri akòz ond tanpèt pase akòz gwo van yon siklòn. Si w nan yon zòn evakyasyon epi yo bay lòd pou evakyasyon, *ale!*



Yonabri piblik pa ta dwe ni Plan A w ni plan B w. Konte Lee genyen yon limit nan kantiteabri li genyen avèk espas pou moun ki pa gen okenn kote yo ka ale. Konsidere rete lakay yon fanmi oswa yon zanmi.

Abri - Fason yo fonksyone

Yon abri ijans se yon kote ki an sekirite pou moun ki pa gen okenn lòt opsyon pandan yon tanpèt danjre. Abri sa yo ofri bezwen debaz tankou manje, dlo, ak pwoteksyon kont move tan. Sepandan, yo pa gen kabann oswa kouvèti, epi elektrisite pa toujou disponib. Abri yo ka gen anpil moun ladan yo, ka gen anpil bri, ka pa gen anpil lavi prive epi yo ka mete w toupre fanmi ki vini ak bèt domestik yo.



Espas limite nan abri ijans nan Konte Lee. Si sa posib, planifye pou rete yon lòt kote. Ou pa bezwen ale lwen, sèlman yon ti distans pi lwen ka kenbe w an sekirite. Si pa gen okenn lòt kote ou ka ale menm, abri yo ap ouvè. Gade paj 13-14 pou enfòmasyon sou bèt domestik. Manje ak dlo ap disponib, men sèlman an kantite limite. Pote ase pou senk jou, ansanm ak nenpòt manje espesyal, rad ak medikaman ou bezwen. Enpòtan: Yo pap bay ti kabann pou dòmi.

Anons

Se pa tout abri yo ki pral ouvri. Tyeke www.LeeEOC.com, nouvèl lokal ak medya sosyal pou yon lis ajou pou abri ki ouvri.

Lè w rive

Pote yon fòm idantifikasyon pou anrejistre avèk pèsònèl abri a.

Preparasyon

Pote pwovizyon manje ak dlo pou senk jou, medikaman, rad, sak kouchaj, pwovizyon pou bèt domestik, lenjèt, dezenfektan, elatriye.

Transpò

Lè yon siklòn oswa lòt katastwòf nesite yon evakyasyon obligatwa, rezidan yo ka itilize transpò piblik pou fè alevini nan abri kadijans yo. Panda yon evakyasyon obligatwa, sèvis LeeTran yo disponib pou ede moun ki pa gen aksè pou transpò oswa plan altènatif.

- Ou pap bezwen peye tikè otobis yo
- Otobis yo ap fè navèt soti nan estasyon transfè ki deziye yo pou ale nan abri kadijans ki ouvri yo epi retounen rezidan yo nan estasyon transfè yo lè yo ka retounen lakay yo ansekirite.
- Lè w ap anbake, fè chofè a konnen ou bezwen transpò pou ale nan yon abri akòz evakyasyon.
- Yo ka pase anreta akòz plis moun ki bezwen transpò.
- Otobis yo pral fonksyone depi sa nesèsè sot Pine Island ak Sanibel Island pou ale nan pwen transfè ki deziye.
- LeeTran pral transpòte oumenm ak bèt domestik ou yo (chen ak chat sèlman) si bèt ou a nan yon lès, yon kaj oswa yon transpòte.
- Divizyon LeeTran Passport (ADA) pral aktive lis priyorite I la, kote I ap transpòte moun ki nesite tretman medikal dabò epi dezyèmman moun ki pa gen mwayen transpò.
- Yo pral rekòmanse mande w pou peye tikè otobis yonfwa yo leve lòd evakyasyon an.

Moun ki andikape

Pandan kadijans, moun ki andikape yo ka itilize abri pou popilasyon jeneral yo. Kenbe direktiv sa yo alespri:

- Se pa tout andikap ki vizib. Mande yo anvan w ede yo epi pa sipoze yo bezwen èd.
- Respekte espas pèsònèl ak ekipman, sa ki ka fè pati endepandans moun nan.
- Pale ak moun nan dirèktman, pa avèk konpayon I oswa moun k ap ede I la.
- Pa touche yon bèt sèvis san w pa mande pèmision.

Pou asistans, kontakte Koòdonatè ADA Konte Lee a nan (239) 533-2111.

Konte Lee fè tout efò I pou I ofri yon anviwonman ki an sekirite pandan sitiyaasyon ijans.

Yo entèdi fimen, dwòg ilegal, alkòl ak zàm afe nan tout abri yo.

Pwogram pou moun ki gen bezwen medikal espesyal



Konte Lee angaje l pou l ede rezidan ki gen sante yo ki ta ka deteryore rapidman nan yonabri piblik nan kadijans. Pwogram bezwen espesyal la se yon kolaborasyon ant Jesyon Ijans Konte Lee and Depatman Sante Florid - Konte Lee pou bay sipò ki koòdone. Pwogram nan disponib gratis pou rezidan Konte Lee ki kalifye. Si w aplike se pa yon garanti w ap jwenn yon plas nan yonabri pou bezwen medikal espesyal paske genyen katabri ou ka kalifye pou yo nan pwogram nan.

E si m bezwen transpò?

Si w pa gen yon machin, ou pa ka fè aranjman pou jwenn yon woulib, ou paka gen aksè nan yon arè otobis LeeTran oswa ou bezwen sèvis transpò adapte, ou ka anrejistre nan pwogram bezwen medikal espesyal la. Jesyon Ijans Konte Lee travay dekonsè avèk LeeTran epi EMS Konte Lee pou koòdone transpò pou moun ki bezwen asistans.

E si m pa anrejistre alavans?

Si Konte Lee anba yon eta evakyasyon ijans ki deklare, ou ka ale nan nenpòt arè otobis oswa estasyon transfè LeeTran pou yon vwayaj gratis pou ale nan yonabri. Orè otobis yo ak enfòmasyon sou wout yo disponib sou sitwèb LeeTran nan www.RideLeeTran.com ansanm ak sou aplikasyon LeeFare la.

Èske m bezwen yon moun pou pran swen m?

Yon moun ki konpetan pou pran swen w dwe akonpaye w pandan sejou w nanabri pou swen medikal espesyal la.

Depatman Sante Florid - Konte Lee genyen yon kantite limite pèsònèl k ap travay. Moun k ap ba w swen an asire l tout bezwen w yo satisfè, epi pèsònèl ki nanabri a la pou ofri èd medikal siplemantè lè sa nesèsè. Tout moun ki anrejistre yo pral resevwa yon ti kabann medikal. Moun k ap bay swen yo responsab pou pote pwòp ti kabann yo oswa sak kouchaj pa yo.

Ki moun ki bezwen pwogram sa a?

Moun ki:

- Bezwen elektrisite pou oksijèn, ponp IV, oswa lòt ekipman medikal.
- Ki sou dyaliz.
- Ki gen maladi tankou Alzheimer oswa lòt twoub newomiskilè.

Ki jan pou m anrejistre?

Fason ki pi fasil pou anrejistre se sou entènèt nan shelterapp.leegov.com. Ou ka anrejistre tèt ou, pou yon manm fanmi w, oswa moun k ap pran swen w lan ka anrejistre pou ou. Si w pa gen aksè a yonòdinatè, ou ka jwenn yon aplikasyon lè w rele pwogram bezwen medikal espesyal la nan (239) 533-0640. Ou dwe mete enfòmasyon medikal yo ajou chak ane.

Anrejistre bonè! Yo pap aksepte anrejistreman yonfwa Konte Lee rantre nan kònprevizyon siklòn ki ka frape nan sèt jou.



Pou plis enfòmasyon, vizite www.LeeEOC.com oswa rele Pwogram Bezwen Medikal Espesyal la nan (239) 533-0640.



Bèt domestik ak bèt sèvis

Abri nou yo aksepte bèt domestik

Tout abri nou yo aksepte bèt domestik. Pami bèt domestik yo aksepte yo, genyen chat, chen ak lòt espès bèt ki domestike ki pa gen venen. Se oumenm ki gen responsablite pou pran swen bèt ou a (yo).

Pou bèt ki ka vin agresif oswa ki ka reprezante yon danje, pwopriyetè bèt sa yo ka oblije jwenn lòt aranjman pou bèt la.



Yo pèmèt pou gen bèt sèvis nan tout abri yo

Yo defini "bèt sèvis" yo kòm chen oswa ti cheval tou piti yo antrene pou fè yon sèvis oswa yon travay pou mèt yo men se pa bèt domestik yo ye. Bèt ki bay rekonfò oswa bèt ki bay sipò emosyonèl yo se pa bèt sèvis yo ye.

Bèt domestik egzotik nan abri yo

Si w genyen bèt domestik egzotik, tanpri konsilte veterinè w la pou l ba w kèk sijasyon sou abri pou yo, paske abri tradisyonèl yo ka pa twò konfòtab pou yo.

Abri pou bezwen medikal espesyal ak bèt domestik

Ou ka mennen chen w ak chat ou nan yon abri pou moun ki gen bezwen medikal espesyal. Yo mete bèt yon nan yon zòn ki separe men w ap ka gen aksè pou ba yo manje, fè yo mache epi pase tan avèk yo. Pote manje ak pwovizyon bèt domestik ou a ap bezwen ki gen etikèt ak non pwopriyetè bèt la.



Ti konsèy sou preparasyon

- Asire w bèt domestik ou yo gen pis elektwonik. Pis elektwonik yo itil sèlman lè yo lye ak enfòmasyon kontak aktyèl. W ap jwenn plis enfòmasyon sou www.leegov.com/AnimalServices.

Prepare machin ou pou yon siklòn



Ond tanpèt ak gwo lapli ka sibmèje machin yo nan sèlman kèk minit, sa ki ka lakoz domaj irevèsib. An 2022, yo te estime ond tanpèt siklòn lan te domaje anviwon 30,000 machin nan Florid. Rezidan Konte Lee yo, espesyalman sila yo ki abite nan zòn ki inondab - ta dwe pran kèk mezi pwoaktif pou pwoteje machin yo anvan pwochen siklòn nan.

Prepare machin ou

- Kenbe machin ou nan bon eta fonksyonman. Tyekekawoutyou yo, fren yo, esui-glas yo ak batri a. Kenbe tank gaz ou plen pandan sezon siklòn nan. Si w konduit yon machin elektrik (EV), chaje l nèt anvan tanpèt la.
- Twous kadijans: Estoke dlo, ti goute ki pa perisab, yon twous pou premye swen, flach (avèk ekstra pil), kab demaraj machin, zouti debaz ak yon chajè telefòn. Enkli rad derechanj ak bon jan soulye solid.
- Mete anrejistremman machin, kat asirans, lisans chofè ak lòt dokiman esansyèl nan yon sak enpèmeyab epi pote yo avèk ou si w ap evakye.
- Pran bon jan foto machin ou an (anndan kou deyò) anvan tanpèt la pou dokimantasyon asirans.

Lè yon siklòn ap pwoche

- Mete gaz bonè: Ranpli tank gaz ou anvan siklòn nan atèri, paske estasyon gazolin yo ka vin pa gen gaz ankò oswa yo ka pèfi kouran. Moun ki gen machin elektrik yo dwe chaje machin yo nèt, epi debranche kab pou chaje a epi sere l yon kote ki ansekirite.
- Dènye tyèk machin nan: Konfime kawoutyou yo gen ase van epi esui-glas yo mache byen. Fèmen aparèy elektwonik ki pa esansyèl, aksyone fren sekou a epi asire w tout fenèt, twati ouvran ak pòt yo byen fèmen. Retire tout bagay ki gen valè nan machin an epi fèmen l ak kle.
- Sekirize bagay ki pa deyò machin nan: Retire oswa sekirize akseswa ki detache tankou antèn oswa bwat kago sou tèt machin nan. Netwaye debri nan kapo a (anba esui-glas la) pou pèmèt drenaj ki apwopriye.

Pwoteje machin ou kont inondasyon

- Pinga w kite machin ou nan zòn ki ba oswa ki inondab. Si w ap viv nan yon zòn ki gen vag oswa plèn inondasyon, mete machin ou kote ki pi wo byen lontan anvan tanpèt la rive. Sa ka gen ladan l estasyon l lakay yon zanmi nan yon altitud ki pi elve oswa nan nivo siperyè yon garaj estasyonman piblik. Ond tanpèt ka monte rapidman - menm 12 pous dlo ki an mouvman ka pote yon machin ale.
- Si w ap estasyon deyò, chwazi zòn nan avèk anpil atansyon. Evite pyebwa, liy elektrik ak poto elektrik. Pinga w janm estasyon bò lari nan zòn ki inondab, paske inondasyon, debri k ap flote oswa lòt machin ka domaje machin pa w la epi bare ekip ijans yo.

Aprè tanpèt la

Sekirite Jeneral Machin

Pinga w konduit nan wout ki inonde. Pwofondè dlo a difisil pou jije epi li ka kache debri, gwo twou oswa chose dlo pote ale, epi sèlman 12 pous dlo ki an mouvman ka pote yon machin ale. Dlo inondasyon ka domaje motè, fren ak sistèm elektrik yo. Evite liy elektrisite ki tonbe atè ak dlo dòman ki toupre poto kouran. Si machin ou an te sibmèje, pa eseye demare l - kontakte konpayi asirans ou an dabò.

Sekirite machin elektrik

Ekspozisyon ak dlo sale ka domaje batri machi elektrik yo epi kreye yon risk pou yo pran dife - menm kèk èdtan oswa kè jou pita. Pinga w demare oswa chaje yon machin elektrik ki inonde. Estasyon tout machin ki ekspozè ak dlo inondasyon lwen estrikti yo ak lòt machin epi rele 9-1-1 si w remake lafimen, odè ki pa nòmal oswa chalè. Fè yon teknisyen ki kalifye enspekte machin nan anvan w sèvi avè l.

Prepare bato w pou yon siklòn



Daprè FWC, Konte Lee regilyèman klase pami 5 premye konte nan Florid pou anrejistreman bato. Chak pwopriyetè bato bezwen yon plan pou tip bato yo genyen, anviwonman lokal la, move tan ak refij ki sekirize.

Lè tanpèt la ap apwoche:

- Pa rete sou bato a - retire bato w la sou dlo si sa posib.
- Retire tout ekipman mobil nan bato a: twal, vwal, ti kannòt, radyo, bimini, vwal ki woule.
- Mare tout bagay ou paka retire: bawo, wou, gidon.
- Asire w sistèm elektrik la etenn amwenske ou konte kite bato a nan dlo a.
- Retire batri a ak gaz pòtab.

Estoke bato w la:

- Asire w machin remòkaj la kapab rale bato a. Tyeke remòk, kapasite woulman ak esye yo nan bon kondisyon.
- Yonfw a ou nan yon "kote ki an sekirite", mare bato w la ak remòk la epi mete blòk ant manm ankadreman yo ak esye a anndan chak wou.
- Sekirize bato w la avèk kòd nilon ki epè sou objè ki fiks yo.
- Si sa posib, jwenn yon kote k ap pèmèt ou sekirize l sou tout kat kote yo. Ou ka mare l ak cheviy. Pinga w mare bato w la non yon pyebwa.

Estokaj sèk:



- Pa janm kite yon bato sou boswa oswa idwo-asansè.
- Sekirize bato a nan remòkè li avèk kouwa solid epi asire remòkè a byen stab.

Estokaj mouye:



- Serikize bato a nan yon pò amaraj.
- Mare bato a nan yon zòn ki sekirize.
- Rale bato a. Kite l nan zòn nan byen alavans.

Bato ki rete nan pò amaraj la

- Double tout liy yo. Ekipman ki travèse liy resò yo devan ak dèyè. Mare liy yo byen wo sou poto yo si mare a monte oswa gen gwo vag. Asire w liy yo pa pral glise sot sou poto yo. Enspekte poto yo epi chwazi sa ki sanble ki pi solid, ki pi wo, epi ki byen enstale. Plis kòd mouyaj yo long, se plis bato a ap ka fè fas ak mare wo yo. Li esansyèl tou pou double tout liy yo epi sèvi ak pwoteksyon kont fwotman nan nenpòt pwen fwotman potansyèl. Kouvri tout liy yo nan pwen ki rige yo pou evite fwotman.
- Enstale gad labou pou pwoteje bato a pou l pa fwote ak waf la, poto yo oswa lòt bato.
- Evalue atachman takè prensipal yo, trèy ak kal yo. Yo ta dwe genyen plak sipò ki solid ak gwo boulon asye inoksidab ki adekwa.
- Batri yo dwe konplètman chaje epi ou dwe verifye yo pou asire kapasite yo pou yo fè fonksyone ponp kal otomatik yo pandan tout dire tanpèt la. Konsidere gen kèk batri pou bakòp. Koupe tout aparèy k ap konsome elektrisite, eksepte ponp kal yo.

Ti konsèy sou preparasyon

- Fè pratik sou fason pou sekirize bato w la nan pò a.
- Tyeke kontra lokasyon oswa kontra depo bato w la. Konnen responsablite ak obligasyon w genyen.
- Ranmase dosye enpòtan ak kontra asirans ou yo.
- Genyen avèk ou foto resan bato a ak nimewo idantifikasyon kòk bato a (HIN).
- Konnen ki jan pou kontakte kapitèn pò a oswa Gad Kòt la.
- Ekri nimewo telefòn ou sou planch yo, kayak yo ak jilè sovtaj yo
- Pou plis enfòmasyon sou sekirite bato, vizite www.uscgboating.org.



Zòn evakyasyon ak abri piblik

Abri piblik nan kadijans

Cape Coral

1. Island Coast High School - 2125 DeNavarra Pkwy.

Estero

2. Estero Recreation Center - 9200 Corkscrew Palms Blvd.
3. Hertz Arena - 11000 Everblades Pkwy.

Fort Myers

4. Dunbar High School - 3800 Edison Ave.
5. Gateway High School - 13820 Griffin Drive
6. South Fort Myers High School - 14020 Plantation Road
7. Treeline Elementary School - 10900 Treeline Ave.

Lehigh Acres

8. Amanecer Elementary School- 641 Sunshine Blvd.
9. East Lee County High School - 715 Thomas Sherwin Ave.
10. Harns Marsh Elementary School - 1800 Unice Ave. N
11. Harns Marsh Middle School - 1820 Unice Ave. N
12. Mirror Lakes Elementary School - 525 Charwood Ave.
13. Tortuga Preserve Elementary School - 1711 Gunnery Road
14. Varsity Lakes Middle School - 801 Gunnery Road N
15. Veterans Park Recreation Center - 49 Homestead Road S

North Fort Myers


16. North Fort Myers Academy of the Arts - 1856 Arts Way
17. North Fort Myers Recreation Center - 2000 N. Recreation Park Way

San Carlos

18. Alico Arena - 12181 FGCU Lake Pkwy. E

Tice

19. Manatee Elementary School - 5301 Tice Street
20. Oak Hammock Middle School - 5321 Tice Street




Tanpri sonje: *Se pa tout abri ki pral ouvri pou chak evènman. Ouvèti abri yo depann de nati chak evènman espesifik.*

Konnen zòn evakyasyon w lan:

Vizite sitwèb nou an nan www.LeeEOC.com pou jwenn Zòn Evakyasyon w lan.

1. Klike sou "Know My Evacuation Zone" nan ba navigasyon an.
2. Klike sou lyen Find My Evacuation nan.
3. Mete adrès ou nan ba pou fè rechèch la.

Pou lis abri piblik ki pi resan,
 ale nan www.LeeEOC.com.



Preparasyon pou inondasyon

**Zòn
Inondasyon**



**Zòn
Evakyasyon**



Zòn inondasyon: Yo itilize yo regilyèman pou asirans pou inondasyon ak kèk egzijans pou kòd konstriksyon.

Zòn evakyasyon: Yo itilize yo sèlman nan kadrijans elwaye w de enpak yon tanpèt ki danjre.

Ki jan Konte Lee abòde kadrijans pou inondasyon?

Konte Lee te rantr nan Pwogram Nasyonal pou Asirans pou Inondasyon (NFIP) an 1984. Kòm rezilta:

- Pwopriyete kay nan Konte Lee ka achte kontra asirans pou inondasyon atravè NFIP.
- FEMA pral ofri asistans pou katastwòf nan Konte Lee ankake gouvènman federal la ta deklare gen yon katastwòf.
- FEMA evalye risk inondasyon isit la detanzantan epi li mete ajou kat jeyografik pou tarif asirans pou inondasyon.

Konte Lee patisipe nan NFIP, ki ofri yon rabè nan pri kontra asirans pou inondasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib sou entènèt nan www.fema.gov/flood-insurance.

Sistèm avètisman pou inondasyon

LeePrepares



- Koteabri yo ye
- Notifikasyon pou evakyasyon pa mwayen tèks
- Jwenn zòn evakyasyon w lan
- Enfòmasyon sou preparasyon
- Disponib sou tout boutik aplikasyon yo

Sistèm Alèt Lokal

Sistèm Entegre pou pou Alèt Piblik FEMA (IPAWS)



Nou itilize otorite nou genyen pou voye alèt pou avèti moun konsènan kadrijans grav atravè:

- Sistèm Alèt pou Kadrijans (EAS)
- Alèt pou kadrijans san fil (WEA)
- Radyo Meteyowolojik (NOAA)

AlertLee



- Apèl telefonik, tèks, imèl konsènan gwo kadrijans oswa aksyon pou pwoteksyon kritik ki nesese pou sove lavi ak pwopriyete
- Anrejistre nan www.AlertLee.com

Facebook

Mizajou sou ijans ak enfòmasyon jeneral sou preparasyon



Sekirite Piblik Konte Lee

www.facebook.com/LeePublicSafety

Gouvènman Konte Lee

www.facebook.com/leecountyflbocc

Preparasyon pou inondasyon



Ki risk ki genyen pou inondasyon nan Konte Lee?

Jeneralman risk nou genyen pou inondasyon vini avèk ond tanpèt ak gwo lapli akòz siklòn, oswa "kouran laminè" - ki se kouran natirèl dlo nan sid atravè penensil Florid la ki ka anvayi rivyè yo, ravin yo ak kanal yo. Nan kad estrateji mitigasyon lokal li a, depatman Sekirite Piblik Konte Lee te fè yon evalyasyon fòmèl sou risk inondasyon nan Konte Lee.

FEMA te mete ajou enfòmasyon konsènan prensipal pwoblèm inondasyon nan pati Konte ki pa enkòpore kòm yon pati nan Etid sou Asirans pou Inondasyon ane 2022 a ou ka wè lè w ale sou <https://www.leegov.com/dcd/flood/documents>

Aprann plis nan
www.leegov.com/dcd/flood/disaster#ProtectPeople
www.leegov.com/dcd/flood/disaster/prep

Konnen danje ou genyen nan inondasyon

Aprann sou danje inondasyon, zòn inondasyon ak enfòmasyon sou kat jeyografik nan www.leegov.com/dcd/flood.

Ou kapab tou:

- Jwenn nan ki zòn inondasyon w ye: leecountyfl.withforerunner.com
- Telechaje oswa enprime kat jeyografik inondasyon ak lòt dokiman ki gen rapò ak inondasyon. Zòn inondasyon yo ki kòmanse avèk yon "A" oswa yon "V", egzije pou gen asirans pou inondasyon si pwopriyete a gen yon ipotèk sou li.



Ti konsèy sou preparasyon

Rapòte ravin, rigòl ak kanal ki bloke pandan tout ane a nan www.leegov.com/rfa



Pwoteje tèt ou ak lòt moun

- Pataje gid sa a avèk fanmi w ak zanmi w.
- Rete lwen dlo inondasyon yo. Yo ka gen pwodui chimik danjre, gazolin, luil ak dlo egou ladan yo.

Propriyete

- Mande responsab plèn inondasyon kominote w lan enfòmasyon sou asistans pou pwoteksyon kont inondasyon.
- Pèsonèl jiridiksyon an ofri konsèy endividyèl pou nenpòt moun ki enterese nan pwoteje bilding yo kont domaj inondasyon ka lakoz.
- Gen kèk ka ki enkli yon vizit nan sit la, suivi ak yon rezime alekri sou pwoblèm inondasyon an ak altènativ yo rekòmande. Revizyon yo ka gen ladan yo fason yo fè elevasyon yon bilding, renovasyon ouvèti inondasyon, ak lè w gen zòn fèmen ki apwopriye, sa ka diminye prim asirans pou inondasyon yo.
- Vizite bibliyotèk vityèl FEMA a pou aprann fason pou pwoteje estrikti yo: www.fema.gov/media-library

Preparasyon asirans kay

Èske w kouvri?

Pifò pwopriyete kay yo gen kouvèti asirans ki asire yo kont pèt katastwofik. Sepandan, yon kouvèti asirans kay pa pwoteje w kont pèt akòz inondasyon oswa akòz nivo dlo ki monte.

Pou asire kay ou pwoteje kont inondasyon (nivo dlo ki monte), ou dwe gen yon kontra asirans pou inondasyon ki separe. Konte Lee kalifye epi patisipe nan Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon. Ti konsèy sa yo sou asirans ka diminye risk pou domaj epi akselere pwosesis rekiperasyon an.

Si w pa gen yon kontra asirans pou inondasyon, tyeke avèk ajan asirans ou an pou l ba w yon estimasyon pri pou kay ou a ak byen pèsone l ou.

Enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon an:

www.fema.gov/flood-insurance

Pa ret tann!

Genyen yon peryòd datant 30 jou anvan asirans pou inondasyon an rantre anviè.

Anvan tanpèt la

Konnen kouvèti w genyen
Verifye si asirans ou an kouvri renovasyon ou te fè nan kay la. Chèche gen asirans pou inondasyon.

Fè yon envantè bagay ki nan kay la

Detaye byen ou genyen, pri yo, dat ou te achte yo ak nimewo seri yo.

Pwoteje dosye w yo

Mete tout papyè enpòtan w yo tankou kontra asirans, ipotèk, tit, asirans machin ak asirans sante nan yon kote santral.

Après tanpèt la


Rapòte domaj yo toutsuit
Chèche gen yon nimewo reklamasyon ak yon "nimewo telefòn reklamasyon" si sa disponib.

Dokimante reparasyon ijans

Pran foto domaj yo anvan epi aprè reparasyon yo. Kenbe resi yo epi fè kopi yo.

Sekirize pwopriyete w

Retire objè ki gen valè yo. Klete fenèt ak pòt yo. Mete objè ki gen valè yo nan kòf sekirize epi pote yo avèk ou.



Sekirite Kay ou

Konsidere enpak van siklòn yo genyen sou kay ou epi konsilte yon ekspè ki kalifye si w gen nenpòt kesyon.

Kèk bagay w ap bezwen konnen:

- Ki lè yo te bati kay ou a?
- Ki kote w ye?
- Konbyen etaj kay ou a genyen?
- Ki solidite mi kay ou ye?
- Ki kalite twati ou genyen?
- Ki jan twati kay la konekte ak mi yo?
- Ki jan w pwoteje ouvèti kay ou a?

Kay mobil ak kay prefabrike:

- Li obligatwa pou gen ankraj dapre lwa Florid.
- Tyeke dispozitif atachman yo omwen yon fwa pa ane.
- Revize Kòd Administratif Florid 15C-1 pou egzijans dispozitif atachman yo.
- Ou bezwen sekirize depo/abri jaden,abri pou machin ak lòt estrikti ki vilnerab yo.
- Kèlkeswa solidite dispozitif atachman w yo ye, evakyasyon se meye plan pou sove lavi w.



- Inondasyon se katastwòf natirèl ki pi komen Ozetazini. Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon an (NFIP) rapòte prèske 40% nan reklamasyon asirans inondasyon se pou pwopriyete ki nan zòn risk modere a risk ki ba.
- Achte asirans pou inondasyon pou kay ou. Achte asirans pou inondasyon pou bagay ki anndan lakay ou.
- Ou pa oblije posede kay ou oswa biznis ou pou gen yon kontra asirans NFIP. NFIP ofri asirans pou byen lokatè posede.
- Pifò asirans pwopriyete/aksidan pa kouvri domaj inondasyon. NFIP, ki se yon pwogram Ajans Federal pou Jesyon Kadijans lan (FEMA), se yon founisè federal pou kontra asirans inondasyon.
- Asirans inondasyon obligatwa pou ipotèk sou estrikti nan zòn yo deziyen kòm yon zòn Espesyal Danje Inondasyon ak nan zòn Kotyè ki gen gwo risk.
- Si w pa gen yon ipotèk epi ou pa oblije gen asirans pou inondasyon, konsidere jwenn yon asirans NFIP kanmenm. Sa koute chè anpil pou rekipere aprè domaj yon inondasyon. Sèlman yon pous dlo ka koute jiska \$27,000 oswa plis nan reparasyon.
- Anplis de kouvèti asirans, sa ka yon avantaj tou si w vann pwopriyete a bay yon moun ki finanse l avèk yon ipotèk. Kontra asirans lan ka transfere bay nouvo pwopriyete a, sa ki petèt ka ofri kèk ekonomi sou depans yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou asirans pou inondasyon: www.fema.gov oswa rele 877-336-2627

Move konsepsyon sou "inondasyon 100 an"

Li posib ou te tande ekspresyon "Zòn inondasyon 100 an" epi w te panse: "Yon inondasyon konsa rive sèlman yon fwa chak santan". Malerezman, sa se yon adaj, se pa laverite.

SFHA a (Zòn Espesyal pou Danje Inondasyon) se yon zòn ki gen yon 1% chans pou yon inondasyon rive nan nenpòt ane. Si n vle di sa yon lòt jan, se yon chans sou 100 chak ane.

Sa vle di yon inondasyon 100 an ka rive ane sa a, epi li ka rive ankò ane pwochèn. Sa pa gen anyen pou l wè ak ane kalandriye yo. Kounye a yo rele ekspresyon "inondasyon 100 an an" kòm inondasyon "1% chans anyèl".



Pran prekosyon aprè tanpèt l fin pase. Kay ou a ka sibi gwo domaj. Pwovizyon yo ka pran plizyè jou pou rive jwenn ou. Eseye rete kalm pandan peryòd sa a ki potansyèlman emosyonèl. Kenbe ti konsèy sa yo alespri:


Sekirite kay la

- Bouche twou ki nan twati kay la pou evite li vin gen plis domaj.
- Etenn disjonktè elektrikite prensipal la si pa gen kouran
- Fè foto epi pran nòt sou tout domaj yo; fè tout reparasyon tanporè ki nesèsè.
- Mande kontraktè yo pou yon montre w yon lisans konte a ki valid. Pinga w siyen yon kontra avèk travayè ki pa gen lisans oswa pa peye yo pazavan yo fini travay la.
- Rapòte kontraktè ki sanble sispèk oswa ki bay pri ki pa rezonab bay otorite yo.



Konsyans sou danje

- Evite fil elektrik ki tonbe atè ak dlo dòman.
- Fè atansyon ozanviwon bèt sovaj ak bèt domestik. Bèt ki gen laperèz oswa ki blese ka aji defason enprevizib.
- Rele konpayi elektrik, gaz, dlo yo pou rapòte danje tankou kondui gaz oswa kondui dlo ki kase, fil elektrik ki tonbe atè oswa tank gaz ki chavire.
- Si w oblije kondui, evite wout ki afebli, pon oswa branch bwa ki ta ka efondre san avètisman.



Kominikasyon nan kadijans

- Rele 9-1-1 sèlman pou sitiyasyon ki menase lavi.
- Rete branche sou medya lokal pou enfòmasyon sou fason pou retounen lakay ou.
- Anrejistre pou Asistans pou Katastwòf nan FEMA si sa disponib pou ou nan zòn ou an.

Kòmanse pwosesis rekiperasyon an

FEMA ofri asistans pou katastwòf aprè gouvènman federal la deklare katastwòf. Si zòn nou an gen yon katastwòf gouvènman federal la deklare, tankou yon gwo siklòn, men kèk etap pou gide pwosesis rekiperasyon w lan:

1. Pran foto kay ou a ki domaje ak bagay ki domaje ladan l.
2. Fè yon lis bagay ki domaje oswa ou pèdi.
3. Si w gen asirans, ou dwe fè yon reklamasyon avèk konpayi asirans ou an. Si w pa gen asirans, sote nan etap 4.
4. Twa fason pou aplike:
 - Sou entènèt DisasterAssistance.gov
 - Atravè aplikasyon FEMA a
 - Rele (800) 621-3362

Ou bezwen asistans?

Si w bezwen èd ki pa ijan oswa ou gen kesyon sou ki kote pou jwenn èd pou rekiperè aprè yon katastwòf, kontakte United Way. Konpoze 211 oswa rele (239) 433-7559

www.unitedwaylee.org





Kiyès pou kontakte | Ki sa pou fè | Ki kote pou ale pou jwenn asistans

- Toudabò eseye sove lavi epi redui domaj yo.
- Chèche jwenn pèmi pou reparasyon pèmanan yo.
- Fè atasyon ak dlo souteren, sekirite manje ak dezidratasyon.
- Anrejistre pou asistans endividyèl:
 - Nan yon katastwòf gouvènman federal la deklare, si pwopriyete/estrikti w la te sibi domaj, aplike pou asistans endividyèl (Individual Assistance, IA) nan FEMA imedyatman menm si w pa bezwen IA toutsuit.
 - Lè w rantre nan sistèm nan sa vle di ou ka rete kalifye pou prete lajan menm aprè dat limit pou anrejistreman IA fin pase.

www.DisasterAssistance.gov

Zòn inondasyon

Pou jwenn enfòmasyon ak kopi Sètifika Elevasyon (si yo anrejistre) pou pwopriyete nan **limit vil la**, rele:

Bonita Springs..... (239) 444-6150
Cape Coral..... (239) 574-0553
Fort Myers..... (239) 321-7000
Fort Myers Beach..... (239) 765-0202
Estero..... (239) 319-2811
Sanibel..... (239) 472-3700



Pou pwopriyete ki pa nan limit vil la (pati nan Konte Lee ki pa enköpore): Rele (239) 533-8948

Pou jwenn plis enfòmasyon sou **Zòn Inondasyon**, vizite www.LeeGov.com/dcd/Flood

Sistèm drenaj

Sistèm drenaj yo bezwen antretyen

Konte Lee antrelase ak yon sistèm kanal, ravin ak vwa navigab ki sèvi pou dirije debi dlo inondasyon an. Li enpòtan anpil pou eleman sa yo nan sistèm drenaj dlo inondasyon yo rete pwòp epi pa gen debri ak fatra ladan yo.

Pou rapòte pwoblèm drenaj nan zòn ki enkòpore yo, rele Travo Piblik vil ou a. Nan zòn Konte Lee ki pa enkòpore, rele DOT nan Konte Lee nan (239) 533-9400 oswa voye yon imèl nan rfa@leegov.com.



Li entèdi pou jete debri ak fatra nan sistèm drenaj la oswa pou altere kanal yo. Yo dwe rapòte tout moun ki vyole entèdiksyon sa a bay lapolis oswa ofisyèl travo piblik yo.

Epitou ou ka jwenn plis enfòmasyon sou teknik pou diminye inondasyon, tankou pwoteksyon kont inondasyon ak elevasyon nan sitwèb pou Ajans Federal pou Jesyon Kadrijans lan nan www.fema.gov/flood-insurance

Pwoteje fonksyon natirèl plèn inondasyon yo

- Pwoteksyon ak restorasyon debi dlo natirèl yo ak mentyen fose drenaj yo, baraj ak kanal yo, sistèm dlo ize yo ak lòt kanalizasyon dlo ede asire jesyon dlo sifas ki apwopriye epi redui efè tanpèt ak kouran laminè.
- Jiridiksyon lokal yo mentni kanalizasyon dlo nan dwa pasaj piblik, men se responsablite pwopriyete yo pou netwaye epi mentni kanalizasyon drenaj ki sou pwopriyete prive.
- Pinga bloke debi natirèl dlo yo.
- Si w gen yon enkyetid konsènan mentyen yon kanalizasyon drenaj, kontakte depatman konstriksyon oswa depatman Devlopman Kominotè pou kominote w la.

Demann pou Aksyon

Pou rapòte pwoblèm ki gen rapò ak wout, pon, kanal, etan, sistèm drenaj oswa amenajman peyizaje konte a, kontakte liy asistans Demann pou Aksyon an avèk enfòmasyon ki anba a.



(239) 533-9400



www.leegov.com/requestforaction



Eskane kòd QR la pou ale dirèkteman nan fòm nan sou entènèt.

Konstwi defason responsab



- Pran yon pèmi anvan w konstwi; tyeke avèk jiridiksyon w lan pou wè si pwojè w la nesosite yon pèmi konstriksyon.
- Konnen benefis pou sekirite ak benefis asirans lè w depase estanda minimòm yo.
- Anvan w fè renovasyon, chèche enfòmasyon sou règleman inondasyon, kòd konstriksyon ak règ 50% an. (www.leegov.com/dcd/flood/building/improvements)
- Pou pwopriyete ki nan Zòn Espesyal pou Danje Inondasyon an (SFHA) (www.leegov.com/dcd/flood/defined), estrikti yo dwe satisfè elevasyon inondasyon debaz (BFE) oswa Freeboard ak lòt règleman NFIP.
- Konsidere avantaj ki genyen lè w konstwi pi wo pase BFE/Freeboard.
- Bilding agrikòl ki nan SFHA (zòn inondasyon ki kòmanse avèk A oswa V) pa egzan de egzijans konstriksyon NFIP, menmsi yo egzan de Kòd Bilding Florid la.
- Yo entèdi ranblè ak konstriksyon nan kanal inondasyon yo **amwenske** gen yon pèmi pou yon sètifikasyon No Rise.

Reparasyon twati

Si twati w la domaje epi w ap rete tann kontraktè, gen kèk bagay ou ka fè pou repare fuit yo.

Pa anndan

- **Bokit:** Mete bokit nan zòn kote dlo ap koule yo pou evite flak dlo oswa inondasyon.

Pa deyò

- **Ti twou:** Ou ka bouche twou ki piti yo lè w kouvri yo ak siman pou twati.
- **Fèy plastik:** Sa se mezi ki pi tanporè a. Itilize klou twati ak bwa 2x4 pou tache plastik la sou twati a.
- **Bach:** Bach yo pi solid pase fèy plastik.
- **Papye pou twati:** Yo rele l tou papye goudwon oswa fet pou twati, epi w ap jwenn li nan seksyon materyo konstriksyon nan magazen kenkayri yo. Aplike l avèk siman pou twati ak yon tiwèl.

Pou jwenn yon kontraktè

Jwenn yon kontraktè ki gen bon repitasyon nan Asosyasyon Nasyonal pou Kontraktè Twati. Vizite yo sou entènèt nan www.nrca.net.

Ti konsèy sekirite

- Bado ak til twati ka glisan; sonje sa lè w ap mache sou twati a.
- Fè atansyon pou pa mache sou pati ki mou oswa fèb sou do kay la pou pa tonbe.
- Fè atansyon ak branch bwa, liy elektrik ak nechèl ki pa stab.

Netwayaj debri tanpèt



Après yon tanpèt, ranmase debri yo epi jete yo kote w dwe jete yo. **Triye debri w yo, paske sa pral ede ak pwosesis ranmasaj la.** Anba a w ap jwenn plis enfòmasyon sou lòd yo ranmase debri yo.

Priyorite 1

Fatra nòmal kay

- Fatra nan sachè
- Rès manje yo jete



Priyorite 2

Materyèl resiklab nòmal kay

- Jounal
- Katon
- Resipyan plastik (#1 - #7)
- Vè
- Asye
- Aliminyòm



Debri lakou

- Ti pyebwa
- Branch palm
- Pyebwa/gazon
- Ti pyebwa
- Fèy pyebwa
- Ti branch/branch pyebwa ki koupe



Priyorite 3

Aparèy elektwomenaje

- Refrijeratè
- Fou
- Machin alave
- Sechwa
- Chofaj dlo
- Konjelatè
- Fou mikwo-onn
- Klimatizè



Debri konstriksyon/demolisyon

- Bwa
- Vè
- Klwazon sèk (Drywall)
- Izolasyon
- Blòk beton
- Plombri



Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ranmasaj debri, vizite leegov.com/solidwaste

ZÒN KOTE YO PAP RANMASE

Yo pap ranmase okenn debri ki sot sou twotwa a pou al nan direksyon pwopriyete w la.

SEPARASYON DEBRI

Separe debri yo nan sis kategori yo montre yo.

PINGA W ANPILE OSWA APIYE

Lè w mete debri toupre oswa sou pyebwa, poto oswa lòt estrikti sa rann li difisil pou yo ranmase yo. Sa gen ladan l bwat lèt, ponp dlo pou etenn dife ak kontè.

OU PA FIN SÈTEN KOTE POU METE DEBRI YO?

Si w pa gen twotwa ki gen fose, oswa liy sèvis piblik devan lakay ou, mete debri yo nan pwent pwopriyete w la anvan twotwa a.

Fatra kay

Yo pa pral ranmase fatra nòmal kay ak nenpòt debri ki nan sache ansanm ak debri katastwòf la. Ou dwe kontinye suiv orè nòmal pou yo ranmase fatra.

Debri vejetal

Bwa, plant, branch pyebwa, fèy, (pa mete yo nan sache)
Si fèy bwa yo nan sache, separe sache sa yo ak pil bwòs yo.

Dechè kay toksik

Pa kite pwodui chimik bò twotwa a. Yo ka kreye yon danje pou dife.

Pote yo nan:
6441 Topaz Court, Fort Myers, FL 33966

Aparèy elektwomenaje

- Klimatizè
- Lav-vesèl
- Konjelatè
- Refrijeratè
- Fou
- Machin alave
- Sechwa
- Chofaj dlo

Elektwonik

- Òdinatè
- Radyo
- Stereyo
- Televizyon
- Aparèy ki gen fil

Debri konstriksyon ak demolisyon

- Materyo konstriksyon
- Kapèt
- Klwazon sèk (Drywall)
- Mèb
- Bwa
- Matla
- Plonbri

Ti konsèy sou sante aprè tanpèt la



Tanpèt yo ka pote gwo lapli ki ka ogmante risk maladi. Anba a w ap jwenn kèk ti konsèy pou ede w evite vin tonbe malad. Pou jwenn plis enfòmasyon pandan yon kadrijans rele

Liy Enfòmasyon pou Asistans nan Eta Florid (SAIL) nan (800) 342-3557.

Jwenn plis enfòmasyon sou entènèt nan lee.floridahealth.gov.

Kout chalè

- **Siy avètisé:** Prete atansyon ak syè, kranp, vètij, kè plen oswa endispozisyon.
- **Rafrech:** Bwè bwason ki fre, ki san alkòl, mete rad lejè sou ou epi repoze nan è kondisyon oswa pran yon douch fre.
- **Kout chalè:** Ka lakoz chalè ekstrèm. Prete atansyon ak po w ki fre epi ki imid, poul ki fèb ak respirasyon sipèfisyèl. Chèche èd medikal si sentòm yo dire plis pase inèdtan oswa si w gen pwoblèm kadyak.

Sekirite kont moustik

Gwo lapli ak inondasyon ka lakoz vin gen ogmantasyon nan moustik.

- **Evite soti bonè nan maten ak ta nan aswè:** Rete anndan lè moustik yo pi aktif.
- **Kouvri kò w:** Mete rad ak manch long, pantalon ak chosèt.
- **Itilize DEET:** Aplique ensektifij ki gen jiska 30% de DEET sou po w ak rad ou. Suiv direksyon ki sou etikèt la.
- **Retire dlo dòmi:** Retire dlo dòmi ki ozanviwon lakay ou pou anpeche moustik yo repwodu.

Sekirite nan zafè dlo ak ijyèn

- **Lave men:** Sèvi ak savon ak dlo ki te bouyi oswa dezenfekte.
- **Avi pou fè bouyi dlo:** Suiv alèt lokal yo. Si w pa fin sèten, itilize dlo nan boutèy - menm si w gen pi prive.
- **Pou dezenfekte dlo:** Ajoute 8 gout klowòks ki san pafen nan chak galon dlo, ret tann 30 minit. Repete etap sa a si dlo a pa klè.
- **Risk pou dlo inondasyon:** Evite kontak, li ka gen dlo ize. Netwaye blesi avèk pomad antibiyotik epi konsilte yon doktè si l enfekte.
- **Timoun yo ak jwèt:** Kenbe timoun yo lwen dlo inondasyon. Dezenfekte jwèt yo avèk 1/4 tas klowòks pou chak galon dlo pwòp. Tranpe l pandan 30 minit epi mete l seche nan lè a.

Vizite www.leegov.com/storm pou jwenn mizajou sou sèvis piblik.

Sekirite nan zafè manje

- **Manje ki kontamine:** Jete tout manje ki te touche dlo inondasyon oswa dlo sal.
- **Pwodui nan bwat konsè:** Jete bwat ki gonfle oswa ki ouvri. Retire etikèt yo epi dezenfekte bwat ki sele yo anvan w ouvri yo. Evite manje ou te mete nan bwat konsè lakay ou.
- **Lèt pou tibebe:** Itilize lèt ki tout pare pou tibebe manje. Si w ap itilize lèt an poud oswa lèt konsante, melanje l sèlman avèk dlo esterilize. Itilize bibwon ki pwòp epi mete tout lèt ou pa itilize yo nan refrijeratè. Kontinye bay tibebe w tete si sa posib.
- **Manje refrijere/konjele:** Si yo pran kouran, netwaye refrijeratè/konjelatè yo. Manje ki perisab yo pa bon pou manje.



Nan Florid, gen anpil chans pou gen tounad ant 3 p.m. ak 8 p.m., soti nan mwad jen pou rive nan mwad out. Sepandan yo ka rive a nenpòt moman, souvan san avètisman. Sirèn pou anonse tounad pa komen nan Florid. Rete branche sou meteyo lokal oswa koute radyo meteyo NOAA.

Lè kondisyon yo pwopis pou tounad, genyen kèk bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.

- Sekirize objè ki lach deyò yo oswa rantre yo anndan.
- Pa eseye kouri pi rapid pase yon tounad nan machin ou. Chèche yonabri solid imedyatman.
- Si w nan yon chan ki ouvè, chècheabri nan yon ravin oswa yon kanal. Rete lwen pyebwa epi pwoteje tèt ou.
- Si w ap viv nan yon kay mobil oswa kay prefabrike, chèche lòtabri ki pi solid imedyatman.
- Pa kiteabri a pazavan ou asire w danje a pase.

Ki sa ki lakoz yon tounad?

Yon tounad fòme lè lè ki cho, imid ki toupre atè a monte nan lè ki pi fre, pi sèk anlè a, sa ki kreye enstabilite nan atmosfè a. Lè van fò nan diferan wotè kòmanse vante nan diferan vitès oswa direksyon (yo rele sizayman van), lè k ap monte a ka kòmanse fè wotasyon. Si kolòn wotasyon lè sa a vin òganize epi li etann pa anba sot nan yon tanpèt loraj pou rive atè a, li vin tounen yon tounad.

Kèk kondisyon ki reyini pou yon tounad fòme

1 Van cho, imid
Komen nan Florid - espesyalman anvan tanpèt yo oswa sou fontyè briz marin yo

2 Enstabilite atmosferik
Lè ki pi fre sou lè sifas ki pi cho pèmèt gen mouvman nan direksyon anlè ki fò.

3 Sizayman van
Van ki chanje vitès epi/oswa direksyon avèk wotè ede kreye wotasyon.

4 Yon gwo tanpèt loraj
(Souvan yon sipèseliil)
Yo rele yon kouran asandan wotatif anndan yon sipèseliil yon mezosiklòn, ki ka pwodui yon tounad.

Tounad EF-2

Li te 7:32 a.m. nan dat 16 janvyè 2022, lè yon tounad EF-2 avèk van maksimal 118 mil alè te atè nan Fort Myers. Pandan l ap vwayaje sou tè a pandan apeprè uit mil, tounad la te lakoz gwo domaj ak destriksyon.

Deklannchman tanpèt sa a te kite kat moun avèk blesi leje. Prèske 300 rezidan te oblije kite kay yo, epi inisyalman te gen 15,000 moun ki te pèdi kouran. Moun ki te frape plis yo se te rezidan nan twa katye kote pifò kay yo se te kay prefabrike ki ansyen.

Si w nan yon kay mobil oswa yon kay prefabrike epi gwo tanpèt ap apwoche nan zòn nan, desizyon ki pi an sekirite pou pran se pou rete tanporèman ak zanmi oswa fanmi nan yon estrikti ki pi an sekirite.





Sezon sèk Konte Lee tipikman soti nan mwad janvyè pou rive nan mwad me, lè mwens lapli, vejetasyon sèk ak van ogmante risk pou dife forè. Kout zèklè, debri k ap boule, etensèl ki sot nan ekipman ak dife kan ki san siveyans ka dekanche dife. Anpil dife forè rive toupre milye peri-iben, kote kay ak zòn natirèl yo rankontre, sa ki fè preparasyon ak konsyantizasyon espesyalman enpòtan pou rezidan yo.

Pran dèmezi pou redui risk dife forè:

- Koupe branch bwa ki sou do kay la ak goutyè yo.
- Retire vejetasyon ki mouri oswa ki twò gwo ozanviwon kay la, bato yo ak abri pa deyò kay la.
- Plante vejetasyon ki mwen enflamab, dekoratif toupre estrikti yo.
- Sèvi ak payaj oswa gravye.
- Mentni yon sistèm irigasyon ki fonksyone byen.
- Kouvri avan-twati ak lòt ouvèti yo avèk pay fè ki pa pi gwo pase ouvèti yon uityèm pous.
- Kenbe atik konbistib yo lwen estrikti yo.
- Konstwi kay avèk materyo ki reziste ak dife.
- Kenbe rantre kay yo pwòp epi san pa gen branch bwa oswa plant ki twò gwo devan yo.



Lè dife forè menase kominote a

- Prepare w pou evakye imedyatman si yo mande w fè sa.
- Kreve yon plan evakyasyon epi pataje l avèk fanmi w.
- Suiv direktiv pèsònèl kadijans yo. Kenbe papyè enpòtan ak bagay tankou medikaman soulamen.
- Kreve yon plan pou bèt ou yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lavi sovaj sosu sitwèb sèvis Forè Florid la:

**[www.fdacs.gov/Forest-Wildfire/Wildland-Fire/
Current-Wildfire-Information](http://www.fdacs.gov/Forest-Wildfire/Wildland-Fire/Current-Wildfire-Information)**



Sekirite nan zafè lafimen

Dife forè ka vwayaje plizyè kilomèt depase kote dife a ye a.

- Rete anndan epi fèmen pòt ak fenèt yo si gen lafimen ki prezan.
- Mete klimatizè a sou mòd resikile si sa posib.
- Limite aktivite deyò, espesyalman pou timoun, moun aje yo ak moun ki gen pwoblèm respiratwa.
- Si w ap kondui nan lafimen, itilize limyè machin nan epi redui vitès ou.

Loraj ak zèklè

Loraj ka pote lagrèl, van ki lakoz domaj, inondasyon ak tounad - men zèklè se koz prensipal lanmò ki gen rapò ak move tan nan Florid.

Prèske tout zèklè pral rive nan yon espas 10 mil parapò ak loraj ki pwodui li la, men li ka frape pi lwen toujou. Kote ki pi an sekirite pou ye pandan yon loraj se anndan yon estrikti li laj, fèmèn. Si pa gen bilding ki disponib, yon machin, kamyonèt oswa otobis lekòl ki fèmèn se yon bon altènatif. Si pa gen okenn kote ki kouvri ki disponib, akoupi byen ba atè a sou pwent pye w - pinga w kouche atè a.

Sonje, zèklè souvan frape san prèske okenn avètisman.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite kont zèklè, telechaje aplikasyon WeatherBug la pou iPhone oswa Android.

Sa pou evite

ANNDAN KAY

Aparèy elektwomaj ak priz kouran



Telefòn ak fil, òdinatè sou biwo



Pran douch, benyen, itilize lavabo



Pòt, fenèt ak galri



DEYÒ KAY

Dlo, objè ki mouye oswa an metal



Kanpe nan mitan gwoup moun



Zòn ki ouvè oswa ki elve



Gwo pyebwa ak lòt objè ki wo



Ret tann 30 minit aprè dènye kout loraj la anvan w soti deyò.

Vizite www.weather.gov/safety/lightning para informacion adicional.

Sistèm siveyans metewolojik

WeatherBug

- Depatman Pak ak Rekreyasyon Konte Lee te enstale sistèm alèt kont zèklè nan anpil pak.
- Lè sistèm nan detekte zèklè nan yon distan 10 mil parapò ak yon sit, klaksonn yo sonnen yon son san rete pandan 15 segonn epi limyè stoboskopik la pral aktive.
- Moun k ap vizite pak la ki tande klaksonn nan epi/oswa wè limyè a bezwen chèche abri imedyatman.
- Lè sistèm pa detekte yon menas ankò, klaksonn nan ap sonnen twa fwa pandan senk segonn epi limyè a pral sispann limen.
- Pa gen okenn sistèm ki enfayib. Ou dwe toujou evalye kondisyon meteyowolojik yo anvan yo soti deyò epi w dwe prepare pou pran dèmezi ki apwopriye pou w rete an sekirite.



WeatherBug®

Weatherstem

29 Estasyon Weatherstem Konte Lee yo ofri done meteyo an tan reyèl, ipèlokal pou sipòte preparasyon ak repons nan kadrijans. Li resevwa finansman atravè sibvansyon ak patenarya - ikonpri Rezo Entanperi Sevè Florid (Florida Severe Weather Network) - sa benefisye plizyè ajans, san wete Distri Lekòl Konte Lee.





Depatman Lapolis

Biwo Cherif Konte Lee
(239) 477-1000
Depatman Lapolis Cape Coral
(239) 574-0401

Depatman Lapolis Fort Myers
(239) 321-7700
Depatman Lapolis Sanibel
(239) 472-4135

Distri Ponpye

Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Alva
(239) 728-2223
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Bayshore
(239) 543-3443
Distri Kontwòl Dife Boca Grande
(239) 964-2908
Distri Kontwòl Dife ak Sekou Bonita Springs
(239) 949-6200
Distri Kontwòl Dife Zile Captiva
(239) 472-9494
Sekou kont Dife Estero
(239) 390-8000
Distri Kontwòl Dife Fort Myers Beach
(239) 590-4200
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Fort Myers Shores
(239) 694-2833
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Iona-McGregor
(239) 433-0660

Distri Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Lehigh Acres
(239) 303-5300
Distri Kontwòl Dife Matlacha ak Pine Island
(239) 283-0030
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife North Fort Myers
(239) 997-8654
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife San Carlos Park
(239) 267-7525
Distri Dife ak Sekou Sanibel
(239) 472-5525
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife South Trail
(239) 433-0080
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Tice
(239) 694-2380
Distri Sèvis Pwoteksyon ak Sekou kont Dife Upper Captiva
(239) 900-1818
Sekou kont dife zile Useppa
(239) 763-5560

Ou bezwen plis enfòmasyon? Ou gen kesyon?

Jesyon ijans lan prepare l pou l reponn a nenpòt danje pandan tout ane a. Pou enfòmasyon sou lòt danje tankou dife forè, zak teworis, danje pou sante, ak lòt bagay ankò, vizite sitwèb nou an nan www.LeeEOC.com.

Lis pwovizyon pou katastwòf

Sa ki gen rapò ak manje



- Dlo potab: 1 galon, pou chak moun, chak jou
- Manje ki pa perisab/rejim espesyal
- Ouvrebwat manyèl
- Ji/kafe enstantane/sachè te
- Glasyè
- Brikè/alimèt
- Bonm/chodyè/recho kan oswa gri

Medikal



- Apwovizyonman medikaman yo preskri pou de semèn
- Glasyè ak glas pou medikaman
- Ekipman ak aparèy medikal
- Etikè alèt medikal oswa braslè ki idantifye bezwen ou genyen anrapò ak andikap ou a

Bèt domestik/Bèt sèvis



- Dlo: 1 galon, pou chak bèt, chak jou
- Kaj oswa transpòtè pou chak bèt
- Manje/ti goute
- Jwèt/atik konfò
- Pwodui pou fè netwayaj
- Dosye vaksinasyon/foto

Atik pèsònèl



- Lenn, zòrye, sak kouchaj, ti kabann
- Atik pou twalèt
- Linèt/vè kontak derechanj
- Pil pou aparèy oditif
- Ekstra rad, padsi, ak soulye ki fèmèn
- Atik pèsònèl tankou liv, jwèt oswa kat
- Pwovizyon pou tibebe ak/oswa moun aje
- Dokiman enpòtan ak idantifikasyon ki valid
- Kle derechanj
- Lajan kach/kat kredi/monnen/chèk/plim/kreyon/papye

Ekipman sekirite



- Ekstra pil
- Radyo meteyo NOAA
- Twous premye swen
- Telefòn liy fiks
- Baton limyè chimik
- Siflèt

Lòt atik ak rapèl:

- _____
- _____
- _____

- _____
- _____
- _____



Telefòn: (239) 533-0622
Sitwèb: www.LeeEOC.com